



Si ou te akouche oswa ou te pèdi gwosès lan, ou gen 12 mwa asirans pou w ka gen aksè a swen sante fizik ak mantal ke ou bezwen yo, pa sèlman pou gwosès ou an.

Ou ansent e ou pa gen asirans sante?

Pale ak youn nan moun ki ap baw swen yo sou kijan ou ka anrejistre nan Medicaid.



Pou plis enfòmasyon



Tanpri eskane kòd QR la ki sou bò goch lan oswa vizite marchofdimes.org/florida-medicaid.

Ou ka voye yon imel tou bay Pwojè Florida Health Justice: help@FloridaHealthJustice.org.

Mi MARCH OF DIMES®

Pacify



FLORIDA HEALTH JUSTICE PROJECT

Jul-23

Mi

MARCH OF DIMES®

Rezidan Florida yo:

Èske ou genyen Medicaid pou gwosès oswa ou te genyen l se pa twò lontan?



Kounya, asirans Medicaid ou an ap dire 12 mwa apre gwosès ou.

Pacify



FLORIDA HEALTH JUSTICE PROJECT



Sèvis ki kouvri

Pandan 12 mwa apre gwosès ou an, ou elijib pou tout sèvis Medicaid yo, tankou:

- **Sèvis pou swen sou sante repwodiktif ak seksyèl**
tankou jiska de (2) vizit pospartum, planifikasyon familyal, ak tès pou maladi seksyèlman transmisib.
- **Swen jeneral**
pou trete maladi tankou opresyon, tansyon wo, oswa dyabèt, oswa pou lòt ou malad.
- **Swen medikal espesyal**
pou trete pwoblèm tankou maladi kè ak lòt maladi kwonik.
- **Sèvis dantè**
tankou yon egzamen ak tretman pou diminye doulè oswa enfeksyon.
- **Sèvis sante mantal**
pou depresyon, anksyete, estrès, twoub ki lye ak abi sibstans, ak lòt maladi mantal. Sèvis ki kouvri yo ladan egzamen, medikaman si sa nesèsè, ak terapi pou endivi, fanmi, ak gwoup.
- **Sèvis doula**
- **Swen ijans**
- **Benefis medikaman preskripsyon**
- **Transpòtasyon ale nan randevou medikal**



Li enpòtan pou w ale nan vizit apre akouchman yo menm si ou santi ou anfòm.

Swen apre akouchman

Swivi medikal apre akouchman yo se randevou medikal apre akouchman pou asire ke ou ap reprann ou byen. Vizit sa yo pa fèt pi ta ke 12 semèn apre gwosès la. Randevou apre akouchman se pou nenpòt moun ki te ansent resaman. Ale nan randevou apre akouchman ou yo menm si ou santi ou anfòm. Moun ki te fenk ansent yo gen risk pou yo fè gwo maladi nan jou ak semèn apre gwosès lan.

Vizit apre akouchman yo enpòtan espesyalman pou moun ki te pèdi timoun nan pandan gwosès lan.

Vizit sa yo pral ede moun ki ap baw swen an aprann plis sou sa ki te rive epi gade si ou a riks pou menm bagay la rive ou nan yon lòt gwosès.

Nan vizit apre akouchman w lan, travay ak moun ki ap baw swen an pou detèmine kiyès moun ki pral prensipal moun ki ap baw swen sante jeneral ak referans pou nenpòt lòt founisè swen sante ke ou ka bezwen. Sa a ka gen ladan tansyon wo oswa kondisyon ki gen rapò, obezite, dyabèt, maladi tiwoyid, maladi ren, sante mantal, oswa maladi itilizasyon sibstans.

Sipò pou sante mantal

Maladi mantal matènèl yo se konplikasyon ki pi komen nan gwosès ak nan fè pitit, yo afekte youn nan chak senk fanm e moun ki ap pote pitit pandan gwosès lan epi premy ane apre gwosès lan.

Sentom yon maladi sante mantal ka parèt nenpòt ki lè pandan gwosès lan epi 12 premye mwa apre gwosès lan. Pandan ke yo souvan itilize tèm depresyon apre akouchman an, gen plizyè fòm maladi ke paran yo ka fè eksperyans, tankou depresyon, enkyetid, twoub obesesyon-konpilsif, twoub estrès apre akouchman, twoub atitid bipolè, ak sikoz.

- Vizit postpartum.net pou aprann plis sou maladi sa yo.
- Pale ak founisè swen sante w la pou w refere w pou sèvis sante mantal si w santi w ap soufri ak yon twoub konpòtman.
- Rele **2-1-1** oswa vizite psychapters.com/fi pou w jwenn resou sante mantal nan zòn ou an.
- Kontakte Liy Dirèk pou Sante Mantal Matènèl pou jwenn sipò 24/24, 7/7 jou oswa tèkste ak yon terapeyè pwofesyonèl. Pou w fè sa, rele oswa voye yon tèks nan **1-833-943-5746**.
- Si ou nan kriz swisid, tanpri rele oswa tekste **9-8-8**.

Paren yo ki gen ti bebe yo nan inite swen entansif pou nouvo-ne (NICU) kapab santi yo debòde ak emosyon yo. Si ou santi ou konsa, di medsen ou ke ou ta renmen pale ak yon moun nan sèvis oswa resous pou sante mantal.



Genyen 1 sou chak 5 fanm ki afekte pa yon maladi mantal matènèl.